



Maria V. Parrillo , Direktè Transpò ak Sekirite
526 E. Main Street, Norwich, CT 06360
Telefòn (860) 823-6284

29 Jiyè 2025

Chè Paran/Gadyen

An kolaborasyon avèk patnè transpò nou an, First Student Norwich Public Schools ap relanse FirstView[®] , yon platfòm siveyans transpò elèv ak swivi machin GPS an tan reyèl.

Avèk FirstView , paran ak moun k ap pran swen timoun yo ka telechaje aplikasyon mobil pou swiv machin ki an sekirite e fasil pou itilize a, ki pral pèmèt ou rete konekte fasilman ak vwayaj chak jou elèv ou yo.

- Gade kote machin nan ye an tan reyèl atravè GPS la epi swiv pwogrè li.
- Aksè fasil pou jwenn detay sou machin nan ansanm ak dènye enfòmasyon konsènan nenpòt chanjman.
- Resevwa plizyè notifikasyon ETA ki baze sou distans lè machin nan ap pwoche.
- Konfigure manm fanmi yo ak moun kap bay swen yo pou yo resevwa alèt vwayaj pa imèl.
- Ekip sipò kliyan dedye pou tout kesyon ki gen rapò ak aplikasyon an.

Ann kòmanse avèk FirstView !

Etap 1: Telechaje* aplikasyon mobil gratis la, fasil pou itilize, ki disponib sou aparèy iOS ak Android. Chèche non aplikasyon an: [FirstView 1.0 epi kreye yon nouvo kont.](#)

**Se pa tout aparèy ki konpatib epi yo dwe satisfè kondisyon minimòm sistèm operasyon an. Itilizatè ki soti nan vèsyon FirstView anvan yo p ap chanje epi tout itilizatè dwe kreye yon nouvo kont.*


Etap 2: Kreye pwofil aplikasyon mobil FirstView 1.0 ou a. Y ap mande w pou w bay:

- Kòd Distri 5 karaktè a : **J9X0G**
- Nimewo idantifikasyon elèv ou a
- Non fanmi elèv ou a

Konfime non elèv ou yo pou ajoute yo nan pwofil ou.

Etap 3: Ajoute notifikasyon distans pou resevwa avètisman nan aplikasyon an oswa atravè push notifikasyon lè machin nan toupre kote elèv ou a kanpe a. Pou mete sa a nan aplikasyon an, klike sou Mete Notifikasyon Distans. Ou ka modifye oswa ajoute notifikasyon distans adisyonèl lè w klike sou klòch notifikasyon an epi chwazi Anviwònman Notifikasyon yo.

Si ou vle: Ajoute tèt ou ak/oswa lòt manm fanmi ak moun k ap pran swen yo kòm yon moun k ap resevwa notifikasyon an pou resevwa alèt pa imèl.



Pou konfigire sa nan aplikasyon an, klike sou sou klòch notifikasyon an epi chwazi Jere Moun k ap Resevwa yo.

Etap 4: Yon fwa ou fin ajoute elèv ou yo, mete notifikasyon distans yo an plas, epi ou enskri pou resevwa alèt pa imèl, kòmanse swiv vwayaj chak jou elèv ou a sou kat la!

Kontakte Sipò pou jwenn asistans ak kesyon oswa enkyetid ki gen rapò ak aplikasyon an:

Lendi – Vandredi soti 7:00 am – 5:00 pm EST

Nan aplikasyon an: Klike sou Kontakte Sipò

Imèl: support@myfirstview.com

Telefòn: (888) 889-8920 Apèl gratis / (513) 419-2921 Lokal

Salitasyon,

Maria Parrillo

Direktè Transpò ak Sekirite